



Pou tout fanmi Pre-K for All, 3-K for All, Head Start ak EarlyLearn Vil Nouyòk:

Divizyon edikasyon pou debitán (Division of Early Childhood Education, DECE) kwè tout timoun ta dwe resevwa bon kalite swen ak edikasyon depi nesans rive laj 5 ane, ak apre. Se objektif nou pou ofri pitit ou a yon anviwònman aprantisaj ki reponn onivo kiltirèl ak ki apwopriye onivo devlopman kote li ka eksploré, konekte ak grandi ansekirite ak ankonfyans pou atenn tout kapasité l. Lè yo ofri timoun menm opòtinite pou reyalize potansyèl yo, epi yo sipòte fanmi pou ka pi djanm posib, timoun gen yon bon depa nan lekòl ak nan lavi.

Dokiman angajman anvè fanmi sa a ofri yon estrikti objektif inivèsèl DECE genyen nan tout tip pwogram, ak sa pou atann nan pwogram ptit ou a nan domèn sa yo:



Nou kolekte tou enfòmasyon sou jan pou kontakte yo anba Seksyon resous la pou si w ta gen kòmantè oswa kesyon sou pwogram ptit ou a. Sonje, ou ka toujou rele liy pou sipò paran (Parent Support Line, P311): Konpoze 311 epi di "schools" oswa rele nan (718) 935-2009 pou kesyon jeneral ak sipò.

DECE angaje pou sipòte ptit ou a ak travay avèk pwogram yo pou ede ptit ou a reyisi, kèlkeswa anviwònman an oswa efektif pwogram lan. Nou kwè sipò pou byennèt tout fanmi an fondamantal nan ede timoun grandi.

Avèk senserite,

NYC DOE Division of Early Childhood Education

Pou tout pwogram Pre-K for All, 3-K for All, Head Start ak EarlyLearn Vil Nouyòk:

Divizyon edikasyon pou debitant (Division of Early Childhood Education, DECE) kwè tout timoun pitit k ap aprann dwe resevwa bon kalite swen ak edikasyon depi nesans rive laj 5 ane, ak apre. Se objektif nou pou ede w lè nou ofri pitit ou a yon anviwònman aprantisaj ki reponn onivo kiltirèl ak ki apwopriye onivo devlopman kote li ka eksploré, konekte ak grandi ansekirite ak ankonfyans pou atenn tout kapasite l. Lè yo ofri timoun menm opòtinite pou reyalize potansyèl yo, epi yo sipòte fanmi pou ka pi djanm posib, timoun gen yon pi bon depa nan lekòl ak nan lavi.

Dokiman angajman anvè fanmi sa a ofri fanmi yon estrikti objektif inivèsèl DECE genyen nan tout tip pwogram nou yo, ak kisa pou fanmi atann nan pwogram pitit yo. Li gen ladan tou enfòmasyon sou jan pou kontakte yo si w ta gen kòmantè oswa kesyon sou pwogram pitit yo. Dokiman sa a ap disponib pou fanmi plizyè koet, tankou sitweb NYC DOE ak Manyèl sou règleman soti nesans rive laj 5 ane (Birth to Five Policy Handbook). Nou ankouraje w pataje dokiman sa a avèk estaf ou ak fanmi w nan kòmansman ane lekòl la tou.

DECE angaje pou travay avèk pwogram yo pou ede pitit ou a reyisi, kèlkeswa anviwònman an oswa efektif pwogram lan. Nou angaje pou asoye avèk lidè pwogram yo ak ekip anseyan yo pou bati rapò solid avèk fanmi, paske nou kwè sipò pou byennèt tout fanmi an fondamantal nan ede timoun grandi.

Avèk senserite,

NYC DOE Division of Early Childhood Education

## Angajman Divizyon edikasyon pou debitan anvè fanmi

Misyon Divizyon edikasyon pou debitan (Division of Early Childhood Education, DECE) se pou kreye yon sistèm edikasyon ki bay timoun debitan yo pi bon swen an nan peyi a pou chak timoun Vil Nouyòk gen yon pòsyon ki jis pou reyalize tout potansyèl yo. Pou sipòte misyon sa a, DECE ofri angajman ak resous sa yo pou fanmi pou asire tout jèn lidè resevwa meyè kalite swen posib.

Gen sis seksyon angajman, epi pi ba a gen yon rezime sou chak. Klike sou tit la pou jwenn plis enfòmasyon.

### Tabmatyè



#### [Apwòch de jenerasyon](#)

*DECE angaje pou sèvi fanmi an okonplè pou asire divès bezwen ak objektif fanmi yo rantre nan kreyasyon pwogram yo ak nan desizyon k ap pran yo.*



#### [Ansèyman ak aprantisaj](#)

*DECE angaje pou sipòte pitit ou a nan aprantisaj ki baze sou jwèt, eksplorasyon, ak asosye avèk fanmi an okonplè pou asire objektif ou genyen pou pitit ou a rantre nan enstriksyon an.*



#### [Divèsite & enklizyon](#)

*DECE angaje pou entegre ak onore divès orijin fanmi ak kilti nan vil nou an pandan n ap kreye pwogram swen ak edeikasyon pou debitan ak resous pou fanmi.*



#### [Fonksyònman pwogram yo](#)

*DECE angaje pou bay fanmi w aksè nan yon bon kalite pwogram gratis tout jounen.*



#### [Sante mantal ak fizik](#)

*DECE angaje pou ofri yon eksperyans aprantisaj pou debitan kote tout timoun ak fanmi santi yo ansekirite, ansante ak nourisonivo fizik ak mantal.*



#### [Resous](#)

*Jwenn resous ak enfòmasyon sou moun pou kontakte pou kesyon w yo sou angajman fanmi, enskripsyon, edikasyon espesyal ak elèv k ap aprann nan plizyè lang.*



## Apwòch de jenerasyon

*DECE angaje pou sèvi fanmi an okonplè pou asire divès bezwen ak objektif fanmi yo rantre nan kreyasyon pwogram yo ak nan desizyon k ap pran yo.*

Yon apwòch de jenerasyon (2Gen) bati byennèt fanmi lè yo travay entansyonèlman avèk timoun ak adilt nan vi yo ansanm. Apwòch la rekonèt fanmi egziste nan tout diferan fòma ak dimansyon, jan fanmi yo defini l yo menm. DECE rekonèt moun k ap bay swen se premye pwofesè ak defansè timoun yo, epi pou nou ka bati yon bon kalite pwogram, lidè edikasyon pou debitant yo ak estaf la dwe etabli yon apwòch pou fanmi an okonplè pou timoun yo ak adilt yo nan lavi yo.

- Pwogram yo pral onore paran ak moun k ap bay swen yo kòm premye pwofesè ptit yo, y ap asosye avè w pou sipòte objektif ou genyen pou eksperyans aprantisaj ptit oy a. Gade yon modèl [Kesyonè kòmansman ane](#) nou rekòmande pwogram itilize pou fikse objektif avèk fanmi ak [Kesyonè fen ane a](#) pou ede fanmi fè tranzisyon nan ane apre a. Gade tradiksyon yo [la a](#).
- Responsab pwogram yo pral konsidere vwa fanmi lè y ap pran desizyon sou pwogram yo.
- Pwogram yo pral onore ak montre divèsite fanmi ak orijin kiltirèl lè y ap pataje enfòmasyon enpòtan sou aprantisaj ptit ou a ak regleman ak aktivite pwogram lan.
- Pwogram yo pral rete enfòme sou resous ki nan kominate yo ak konekte fanmi yo nan resous sa yo lè sa nesesè pou asire byennèt ak stabilite fanmi an okonplè.
- Pwogram Head Start yo pral angaje nan yon pwosesis gouvènans ak akò pou patenarya fanmi avèk tout fanmi. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade [Nòm gouvènans pou pwogram Head Start](#).



## Divèsite ak enklizyon

*DECE angaje pou entegre ak onore divès orijin fanmi ak kilti nan vil nou an pandan n ap kreye pwogram swen ak edikasyon pou debitant ak resous pou fanmi.*

- Pwogram yo pral ofri yon anviwònman chalere ak akeyan ki respekte ak selebre lang ak kilti fanmi w.
- Efò pwogram yo pou angaje w pral konsantre sou komunikasyon nan lang ou prefere epi y ap onore idantite rasyal ak kiltirèl fanmi w.
- Pwogram yo pral travay pou konprann bezwen inik chak kominate ak itilize konesans sa pou pran bon jan desizyon.
- Pwogram yo dwe ofri menm opòtinite nan edikasyon san konsidere ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasional, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi/gason) idantite oswa ekspresyon sèks oswa nivo endependans<sup>1</sup>.

<sup>1</sup> Pwogram ki ofri jounen ak ane pwolonje yo, tankou Head Start, gen kondisyon sou revni ak lòt kondisyon pou elijib ke fanmi dwe satisfè pou yo ka enskrí ptit yo. Yo endike pwogram sa yo nan MySchools.

- Paegzanp, yo pwogram pa ka refize pran ptit ou a si li poko ka itilize twaièt poukонт li oswa si li poko ka abiye poukонт li.
- Si ptit ou a gen yon andikap, li gen dwa pou ale nan pwogram pou debitant.
  - Timoun ki gen laj 0-3 ane k ap resevwa sèvis entèvansyon pou debitant (Early Intervention, EI) atravè Depatman Sante ak lijyèn mantal (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) kapab resevwa sèvis yo nan pwogram pou debitant yo a.
  - Timoun ki gen laj 3-5 ane ka ale nan pwogram pou debitant (1) kit ou planifye oswa ou pa planifye voye yon rekòmandasyon ba CPSE oswa si w déjà voye yon rekòmandasyon ba DOE; (2) si w nan pwosesis CPSE a kounye a; oswa (3) si ptit ou a déjà gen yon pwogram edikasyon endividiyèl (Individualized Education Program, IEP), paegzanp si li gen yon IEP ki rekòmande klas espesyal nan yon anviwònman entegre (special class in an integrated setting (SCIS) oswa klas espesyal (special class, SC).<sup>2</sup>



## Sante mantal ak fizik

*DECE angaje pou ofri yon eksperyans aprantisaj pou debitant kote tout timoun ak fanmi santi yo ansekirite, ansante ak nourri onivo fizik ak mantal.*

- Pwogram yo pral ofri yon anviwònman aprantisaj ki akeyan, favorab, ki konprann twomatis<sup>3</sup>, ak divès epi asosye avèk fanmi pou satisfè bezwen sosyal ak emosyonèl aktyèl yo.
- Ekip anseyan ptit ou a pral aprann konnen ptit ou a ak bezwen l atravè swen ki reponn ak ofri yon relasyon ki agreyab ak yon anviwònman aprantisaj ki satisfè bezwen fizik, sosyal ak emosyonèl li. Paegzanp, pandan ptit ou a ap grandi, l ap aprann kòman pou rekonèt, dekri ak eksprime gwo emosyon.
- Pwogram yo pral ofri lòt pwogram oswa yo pral ede kowòdone avèk lòt pwogram nenpòt akomodasyon sante oswa medikal ki nesesè pou pèmèt ptit ou a patisce.
- Adilt k ap pran swen ptit ou a pral gen tout otorizasyon ki obligatwa sou sekirite ak maladi.
- Pwogram yo pral gen estaf ki awopriye pou pran swen ptit ou a ansekirite lè yo swiv yon pwopòsyon estaf pou timoum ki obligatwa toutan, ak asire ptit ou a toujou sou je.

<sup>2</sup> Si w panse ptit ou a ka gen yon andikap oswa yon reta nan devlopman ki afekte kapasite l pou aprann, pale dabò avèk pwogram ptit ou a pou konnen si gen entèvansyon pou developman ak akademik pou ede ptit ou a nan anviwònman edikasyon jeneral la. Si yo te aplike estrateji epi ou santi ptit ou a bezwen sèvis edikasyon espesyal (Special education services, SES), pwogram ou an ka ede w voye yon premye rekòmandasyon pou yon evalyasyon ba komite edikasyon espesyal preskolè (Committee on Preschool Special Education, CPSE) Vil Nouyòk pou w ka resevwa sèvis edikasyon espesyal gratis.

<sup>3</sup> Yon apwòch ki konsidere twomatis se kote chak moun nan pwogram yo, kèlkeswa tit oswa wòl li, pral "reyalize gwo efè twomatis ak konprann chemen posib pou rekipere; rekonèt siy ak sentom twomatis lakay kliyan, fanmi, estaf ak lòt mopun ki nan sistèm lan; epi pote repons lè yo entegre tout konesans sou twomatis nan regleman yo, pwosedi yo ak pratik yo, epi chèche pou reziste aktivman pou evite twomatis yon lòt fwa."

Administrasyon pou izaj sibtans ak sèvis sante mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA). Konsèp twomatis ak gid pou yon apwòch ki konsidere twomatis (SAMHSA's Concept of Trauma and Guidance for a Trauma-Informed Approach). Piblikasyon HHS No. (SMA) 14-4884. Rockville, MD: Administrasyon pou izaj sibtans ak sèvis sante mantal (Substance Abuse and Mental Health Services Administration, SAMHSA). 2014

- pwogram yo pral kenbe yon espas ki pwòp ak ansekitre ak swiv tout prensip sekirite aktyèl yo pou asire sante ak byennèt ptit ou a.
- Pwogram yo pral ofri yon anviwònman ki apwopriye onivo devlopman pou timoun piti ki chaje avèk materyèl ak jwèt ki ede ptit ou a aprann.
- Pwogram yo pral ofri ptit ou a manje ak/oswa tigoute ki nourisan chak jou.



## Ansèyman ak aprantisaj

*DECE angaje pou sipòte ptit ou a nan aprantisaj ki baze sou jwèt, eksplorasyon, ak asosye avèk fanmi an okonplè pou asire objektif ou genyen pou ptit ou a rantre nan enstriksyon an.*

- Pwogram yo pral itilize estrikti ak nòm sa yo pou planifye pou aprantisaj ptit ou a dapre laj li: [Nòm aprantisaj Prekindergarten eta Nouyòk \(New York State Prekindergarten Learning Standards, NYSPALS\)](#) ak [Estrikti rezulta pou aprantisaj pou debitan \(Early Learning Outcomes Framework, ELOF\)](#).
- Ekip anseyan ptit ou a ak responsab pwogram/rezo yo pral gen kalifikasyon ki apwopriye pou pozisyon yo.
- Ekip anseyan ptit ou a pral ofri ptit ou a opòtinite pou selebre idantite l, eksplore enterè l, ak bati yon sans kominote avèk kamarad li pandan l ap jwe ak envestige mond ki antoure l la.
- Pwogram yo pral ofri ptit ou a opòtinite pou l fè eksperyans nan gwo gwoup, tigwoup ak eksperyans ak aktivite fizik endepandan, nan utilizasyon divès materyèl aprantisaj.
- Pwogram yo pral ofri aktivite pou oumenm ak ptit ou a fè ansanm andeyò anviwònman aprantisaj la ki bati sou aprantisaj li pran nan jounen an.
- Pwogram yo pral onore kapasite fanmi w ki pale plizyè lang ak ankouraje w pale ansanm nan lang ou prefere a.
- Pwogram yo pral planifye avè w pou tranzisyon ptit ou a pou rantre oswa soti nan pwogram lan.



## Fonksyònman pwogram yo

*DECE anqaje pou bay fanmi w aksè nan yon bon kalite pwogram qratis tout jounen.*

- Gen divès pwogram pou fanmi chwazi ladan yo:
  - Pwogram "Jounen ak ane lekòl" yo pral ofri omwen 176 jou lekòl chak ane, pou 6èdtan ak 20 minit chak jou.
  - Pwogram "jounen ak ane pwolonje" yo se Early Head Start, Head Start, ak lòt pwogram jounen/ane pwolonje. Pwogram sa yo ofri jounen ki pi long (8 oswa 10èdtan) ak sèvis pandan tout ane a (225 jou oswa 260 jou).
- Pwogram yo p ap kolekte frè pou enskripsyon pou admisyon oswa pou materyèl pedagojik, founiti klasik oswa aktivite espesyal. Pwogram Child Care Development Block Grant (CCDBG) finanse yo fè fanmi peye yon frè, ki baze sou revni.

- Fanmi w pa oblige patisipe nan okenn lòt pwogram founisè a ofri pou li ka resevwa sèvis NYC DOE ofri.



## Resous

Kòm ou yon yon defansè pou pitit ou a sèlman, men tou pou kominate kote w ap viv la, vwa w enpòtan pou fason pwogram pou debitan w lan satisfè bezwen fanmi w ak kominate a. Si w kwè pitit ou a p ap resevwa bon kalite swen ak edikasyon oswa si w ta renmen bay kòmantè w, ou ka kontakte biwo ki nan domèn sa yo:

### Resous jeneral pou fanmi

#### Edikasyon espesyal

### Enskripsyon

#### Elèv k ap aprann nan plizyè lang (Multilingual Learners, MLL):

### Resous jeneral pou fanmi

- Rele liy sipò pou paran an (P311): Konpoze 311 epi di "schools" oswa rele nan (718) 935-2009. P311 fonksyone Lendi rive Vandredi ant 8 AM ak 6 PM.
- Imèl Direktè egzekitif anchèf patenarya pou ranfòsman kapasite fanmi ak kominate (Family Empowerment & Community Partnerships) nan [FECP@schools.nyc.gov](mailto:FECP@schools.nyc.gov) si w gen kesyon sou angajman fanmi.
- Ale sou [Paj prensipal Early Childhood Learn](#) pou jwenn resous pou aprantisaj adistans ak konsèy sou sante ak sekirite, ansam ak [paj jeneral Early Childhood la](#) pou konnen avèk kisa pou atann ou nan pwogram yo.
- Ale nan [Bwat zouti fanmi Early Childhood](#) la sou Growing Up NYC pou jwenn resous yo triye pou fè timoun yo kontinye aprann, jwe, ak grandi ansante.
- Anwole (Sign up) nan [Ready4K](#) pou w resevwa yon kourikoulòm sou angajman fanmi gratis. Chak semèn, ou pral resevwa ti mesaj tèks kout ki gen done enteresan ak konsèy fasil sou jan pou ankourage devlòpman pitit ou an nan ranfòse woutin ki egziste nan fanmi an. Voye yon tèks ak mo "NYC" nan 70138
- Chèche resous pou [Elèv ki nan lojman tanporè \(Students in Temporary Housing, STH\)](#), tankou sipò pou transpò piblik.
- Ranpli [Fòm pou sipò teknik](#) sa a pou fè nou konnen ki pwoblèm ou genyen avèk iPad / aparèy DOE yo, aksè nan aplikasyon, oswa lòt pwoblèm teknik.

### Enskripsyon nan 3-K, Pre-K, EarlyLearn, Kindergarten, ak pwogram Gifted & Talented (G&T)

- Timoun ki gen laj o-2 ane ka enskri pandan tout ane a nan EarlyLearn. Elijiblite an baze sou revni ak bezwen fanmi ou. Gen plis enfòmasyon nan nyc.gov/EarlyLearn

- Chak sezon Ivè, DOE kolekte aplikasyon pou admsisyon pou pwochen ane lekòl la. Fanmi ka patisipe nan pwosesis admisyon yo pou yo rantre nan pwogram 3-K, pre-K, kindergarten ak G &T.
- Tout fanmi Vil Nouyòk ka aplike nan:
  - 3-K nan ane pitit ou a vin gen laj 3 ane a. Gen plis enfòmasyon nan [nyc.gov/3K](http://nyc.gov/3K).
  - Pre-K nan ane pitit ou a vin gen laj 4 lane. Gen plis enfòmasyon nan [nyc.gov/PreK](http://nyc.gov/PreK).
  - **Kindergarten** ane pitit ou a vin gen laj 5 ane. Gen plis enfòmasyon nan [schools.nyc.gov/kindergarten](http://schools.nyc.gov/kindergarten).
  - Admisyon nan **G&T** lè pitit ou ap kòmanse lekòl primè. Gen plis enfòmasyon nan [schools.nyc/GT](http://schools.nyc.gov/GT).
- Enskri pou resevwa mesaj imèl pou enfòmasyon ki pi resan yo sou chak pwosesis admisyon nan [schools.nyc.gov/sign-up](http://schools.nyc.gov/sign-up).
- Ale sou [paj sant byenveni pou fanmi\(Family Welcome Center,FWC\) an](#) pou kontakte FWC yo.
- Imèl ekip enskripsiyon Early Childhood la nan [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov) avèk kesyon ou genyen sou enskripsiyon.

### Resous Edikasyon espesyal

- Pou timoun ki gen laj 0-3 ane, si w enterese fè yon rekòmandasyon ba biwo Depatman sante ak lijyèn mantal pou entèvansyon pou debitam ( Department of Health and Mental Hygiene's Bureau for Early Intervention, ou ka rele 311 epi poze kesyon sou entèvansyon pou debitam (Early Intervention ) oswa ale sou [paj enfòmasyon Early Intervention information pou fanmi la a](#).
  - Ou ka kontakte tou ekip preskolè EI DOE a nan [EltoPreschool@schools.nyc.gov](mailto:EltoPreschool@schools.nyc.gov) oswa rele nan 646-389-7171.
- Ransèyman jeneral sou edikasyon espesyal:
  - Liy jeneral pou Edikasyon espesyal DOE 718-935-2007
  - [SpecialEducation@schools.nyc.gov](mailto:SpecialEducation@schools.nyc.gov)
- **Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services):** [RelatedServices@schools.nyc.gov](mailto:RelatedServices@schools.nyc.gov)
- Teknoloji sipò: [CATpreschool@schools.nyc.gov](mailto:CATpreschool@schools.nyc.gov)
- Chèche enfòmasyon sou kote pou kontakte pou [CPSE sou entènèt la la a](#) pou distri w la.
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou jwenn sèvis pou pitit ou a, ou ka gade :
  - [Gid Depatman Edikasyon pou Entèvansyon pou debitam pou fè Tranzisyon nan Preskolè](#)
  - [Gid DOE pou Fanmi pou Sèvis Edikasyon Espesyalnan preskolè](#)
  - [Paj DOE pou ale nan preskolè](#)

### Resous pou elèv k ap aprann nan plizyè lang

- Lang natifnatal yon timoun fè pati atou entegral yo ta dwe onore, kore ak preznan nan sakkas la ak nan anviwònman pwogram lan. Jwenn enfòmasyon sou [dwa w](#) kòm yon paran ELL.

- Ou gen dwa pou resevwa enfòmasyon oswa kominike avèk yon manm estaf nan pwogram pitit ou a, nan Family Child Care Network, nan lekòl oswa nan biwo Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) nan lang ou pale a. Gade [Lekòl leta Vil Nouyòk pale lang ou pale a \(NYC Public Schools Speak Your Language\)](#) pou jwenn plis enfòmasyon.
- Li yon [Postè byenveni pou fanmi elèv emèjan k ap aprann nan plizyè lang](#) ki soti nan Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED).
- Chèche [Organizasyon kominotè](#) ki sipòte divès fanmi onivo lang ak kiltirèl.
- Gade [links itil](#) pou fanmi ELL.